



COMMONWEALTH MASSACHUSETTS  
BIWO PWOKIRÈ JENERAL LA  
ONE ASHBURTON PLACE  
BOSTON, MASSACHUSETTS 02108

ANDREA JOY CAMPBELL  
PWOKIRÈ JENERAL

(617) 727-2200  
[www.mass.gov/ago](http://www.mass.gov/ago)

**Direktiv Pwokirè Jeneral la:**  
**KONNEN DWA W: Kontwòl ICE**  
**Yon Gid pou Imigran, Fanmi, ak Kominote yo**

Akòz dèvye vag aktivite kontwòl imigrasyon atravè Massachusetts la, Biwo Pwokirè Jeneral la (the Attorney General's Office, AGO) resevwa yon kantite kesyon sou aksyon Ajans Ameriken pou Kontwòl ak Ladwan yo (U.S. Immigration and Customs Enforcement, ICE), wòl lapolis lokal la nan kontwòl imigrasyon yo, ak dwa moun yo lè y ap entèraji ak ajan imigrasyon federal yo.

Direktiv sa a fèt pou bay kominote yo enfòmasyon konsènan dwa yo nan kad legal koman ajans ICE la kapab kanpe moun, arete moun, ak mande enfòmasyon. Sepandan, se pa yon konsèy legal oswa yon opinyon legal fòmèl ke Pwokirè Jeneral la bay. AGO pa sipèvize oswa kontwole aktivite ICE oubyen pwokirè federal yo. Direktiv sa a pa abòde tout sikontans kote abitan yo kapab an kontak avèk ICE epi AGO pa kapab garanti ke ajan ICE yo pral aji nan yon fason ki koyeran ak direktiv sa a nan tout sitiyasyon. Imigran yo, fanmi yo ak manm kominote a t a dwe konsilte yon avoka imigrasyon si yo bezwen konsèy oswa reprezantasyon nan yon dosye oswa sikontans sila a.

AGO angaje 1 pou 1 pwoteje dwa sivil tout abitan yo, kèlkeswa estati imigrasyon yo.

**KESYON & REPONS**

**1. Ki kalite kontwòl imigrasyon ke ICE fè?**

Aktivite kontwòl ICE yo kapab sible moun ajans lan sisplèk yo gen pou retire nan peyi a. Sa ka gen ladan li moun ki sou pawòl, viza, resipyen DACA, oswa lòt otorizasyon legal yo te genyen ki revoke. Sa kapab gen ladan tou moun yo sisplèk ki te vyole lwa federal imigrasyon, tankou:

- Moun ki antre Ozetazini san otorizasyon;
- Moun ki te rete plis tan nan peyi a ke sa viza yo te pèmèt yo;
- Moun yo te gen lòd pou retire nan peyi a deja; ak
- Moun yo akize kòmkwa yo vyole kondisyon imigrasyon yo (tankou pa al anrejistre nan ICE).

Sa yo se vyolasyon sivil tipik, yo pa kriminèl. Sa pa pou otan anpeche ke ICE kapab nan kèk ka fè aksyon kontwòl kriminèl, ICE pa bezwen montre gen yon krim ki te komèt pou yo arete ak kenbe yon moun yo gen pou retire nan peyi a.

Aksyon kontwòl ICE yo pran youn nan de fòm sa yo jeneralman:

- Egzekisyon Detansyon, kote ICE arete yon moun ke yon ajans federal, eta a, oswa lokal deja kenbe nan detansyon. Sa rive souvan apre ICE aksede a enfòmasyon arrestasyon an atravè baz done federal yo tankou Sant Nasional Enfòmasyon sou Krim (National Crime Information Center, NCIC) oswa Sèvis Enfòmasyon sou Jistis Kriminèl (Criminal Justice Information Services, CJIS). Paske ICE kapab aksede a enfòmasyon yo apre anprend lapolis pran yo fin antre nan Sistèm Otomatik Idantifikasiyon Anprend lan (Automated Fingerprint Identification System, AFIS), menm yon ti rankont tou senp avèk fòs lòd lokal yo kapab deklanche entèvansyon ICE – menm si yo abandone chaj kriminèl yo pita oswa menm si chaj sa yo pa janm menm depoze.
- Operasyon lapolis sou teren, kote ajan ICE yo arete moun nan kominate a – tankou nan kay, travay, oswa espas publik yo. Pandan operasyon sa yo, ICE kapab fè tou sa yo rele arrestasyon “kolateral” sou lòt moun yo rankontre e ke yo sispèk ki vyole lwa imigrasyon yo, menm si moun sa yo pa ta sible okòmansman.

## 2. **Èske ICE bezwen yon manda legal pou l arete yon moun?**

Non. Menm lè ajan ICE yo kèk fwa arete moun sou baz manda arrestasyon – ke tribinal federal ta emèt sou baz ke li ta pwobab ke moun nan te komèt yon krim – kalite entèvansyon sa yo relativman ra. Kèk nan arrestasyon ICE yo fèt apati manda administratif, ke ajans ICE yo soti.

Manda administratif yo gen ladan yo fòm tankou:

- Fòm I-205 (“Manda pou ekspilse/Depòte”), ke yo soti apre yon moun te fin resevwa òdonans final pou yo ekspilse li
- Fòm I-200 (“Manda pou Arrestasyon Etranje”), ke yo itilize lè ICE kwè ke yo kapab ekspilse yon moun fè l kite Etazini.

Nan lòt ka yo, ajan ICE yo pa bezwen ni manda legal ni manda administratif pou yo fè yon arrestasyon, ni tou si yo gen rezon pwobab pou yo kwè ke: (1) yon moun ap vyole lwa federal sou imigrasyon yo; ak (2) moun nan gen anpil chans pou l sove anvan yo jwenn manda a. *Gade nan 8 U.S.C. § 1357(a)(2).*

## 3. **Kilè ICE kapab antre lakay moun ak nan lòt espas prive?**

Nan pifò ka yo, ajan ICE yo pa kapab antre legalman nan espas prive yo – tankou kay, biwo prive, oswa espas travay ki pa publik – san youn nan bagay sa yo:

- Yon manda legal ke yon jij oswa yon majistra siyen; oswa
- Konsantman volontè yon moun ki sanble genyen oswa ki genyen toutbon otorite sou pwopriyete a (pa egzanp, yon moun ki ap viv la).

Remake ke yon manda administratif ICE (Fòm I-200 ak I-205 ki te dekri pi wo a) se pa yon manda legal e li pa otorize antre nan yon kay oswa lòt espas prive san konsantman. Yon manda legal se yon manda ke yon jij siyen.

## **TOUT MANDA PA MENM**

**Manda Legal:** Ke yon jij siyen, li pèmèt ICE antre nan yon kay.

**Manda administratif ICE:** Ke ICE sèlman siyen, li pa pèmèt antre nan kay.

*Si ICE pa gen yon manda ke yon jij siyen, ou kapab refize pou l antre.*

Si ajan ICE yo ap chache antre nan yon kay, yon moun gen dwa dapre lalwa pou l pale avèk li atravè pòt la pou l:

- Mande pou li wè manda a avan l ouvè pòt la;
- Verifye pou li wè si yon jij siyen manda a ou pa; ak
- Refize yo antre si yon jij pa siyen manda a.

### **4. Ki dwa moun yo arete/kenbe ak temwen yo genyen?**

Ni moun ke ICE arete/kenbe an ni ak temwen yo gen sèten dwa anba Konstitisyon Etazini an ak lwa federal la. Dwa sa yo pwoteje kont entèwogasyon detansyon, ak entèferans ilegal nan libète ekspresyon.

#### ***Dwa Moun yo Arete oswa Kenbe a***

Premyèman, moun yo arete oswa kenbe a gen dwa pou li pa pale. Li pa gen pou li reponn kesyon sou estati imigrasyon li, sitwayènte li, kote li fèt, oswa kijan li te antre Ozetazini. Moun nan kapab deklare, “Mwen ap egzèse dwa mwen pou mwen pa pale,” epi refize pale ak ajan ICE yo jiskaske li pale ak yon avoka.

Dezyèmman, moun yo arete oswa kenbe a gen dwa pou li angaje epi pale ak yon avoka, men jeneralman, gouvènman an pa gen obligasyon pou l bay youn nan pwosedi imigrasyon yo.

Twazyèmman, moun yo arete oswa kenbe a gen dwa pou li refize siyen dokiman. ICE kapab mande moun nan pou li siyen fòm depa volontè, renonsyasyon a dwa, oswa lòt dokiman. Moun yo arete oswa kenbe a gen dwa pou li li epi konprann nenpòt dokiman avan li siyen yo.

Moun ke ICE ap entèwoje, ke yo arete oswa kenbe yo pa ta dwe janm bay fo enfòmasyon oswa dokiman, paske sa kapab lakòz chaj kriminèl tonbe sou yo. *Gade nan 18 U.S.C. § 1001.*

#### ***Dwa Temwen yo***

Premyèman, moun ki temwen entèvansyon ICE yo gen dwa pou yo gade ajan ICE yo epi anrejistre entèvansyon an pandan yo kanpe a yon distans rezonab, tanke yo pa antre nan sa ajan yo ap regle a. *Gade nan Glik v. Cunniffe*, 655 F.3d 78 (premye Sikui 2011).

Dezyèmman, menm lè ICE kapab poze kesyon, temwen yo gen dwa pou yo pa pale. Temwen yo pa gen obligasyon pou yo reponn kesyon konsènan pwòp estati imigrasyon pa yo oswa estati yon lòt moun.

Twazyèmman, temwen yon gen dwa pou yo refize kite ICE antre. Si ajan ICE yo pwoche yon kay kote yon temwen rete, temwen an ka refize kite yo antre san yon manda legal.

**Yo ka pousuiv nan jistis kriminèl tout moun yo ta soupsonnen ki fè obstriksyon, jennen, oswa atake yon ajan. *Gade nan 18 U.S.C. § 111.*<sup>1</sup>**

### **5. Ki kesyon yo ka poze von moun si yo arete/kenbe?**

Pandan yon entèvansyon ICE, li ka difisil pou konnen kisa k ap pase oswa poukisa. Poze bon kesyon avek tanperanskapab itil. Menm lè ajan ICE yo kapab pa gen obligasyon pou yo reponn tout kesyon yo, moun yo sible a kapab chwazi mande:

- Èske nou kenbe mwen?
- Èske nou arete mwen?
- Pouki rezon?
- Èske nou gen yon manda?
- Èske mwen ka wè manda a?
- Ki kote nou prale avèk mwen?
- Pou ki ajans nou ap travay?
- Ki non nou ak nimewo badj nou?
- Kijan fanmi mwen oswa avoka mwen kapab kontakte nou?

#### **Prepare Avan yon Kriz**

Si ou menm oswa yon pwòch riske anba yon entèvansyon ICE, ou dwe panse prepare plan repous pou ijans imigrasyon ki ka rive yo, tankou yon separasyon fanmi an. Yon gid planifikasyon ijans detaye disponib sou [sit entènèt](#) Biwo Pwokirè Jeneral la.

### **6. Kisa, si posib, von temwen kapab fè pou ede yon moun ke yo arete/kenbe?**

Tanke yo pa fè obstriksyon oswa jennen entèvansyon an, temwen yo kapab ede moun yo sible a tou pou li poze ajan ICE yo kesyon (tankou sa ki nan lis pi wo a nan #5 lan) epi dokimante entèvansyon an – swa nan pran nòt oswa nan anrejjistre videyo. Yo kapab tou poze moun yo kenbe a kesyon tankou:

- Èske ou gen yon avoka imigrasyon mwen ka rele pou ou?
- Èske ou gen yon manm fanmi w ou ta renmen mwen rele?

### **7. Kisa ki pase apre yon arrestasyon ICE?**

Apre ICE fin arete moun, gen anpil chans pou yo mennen yo nan yon biwo lokal oswa sant tretman ICE pou rezèvasyon. La a, ICE pral pran anprent yo, foto yo, ak enfòmasyon byografik yo. ICE kapab tou mande moun nan yo pou yo siyen dokiman ki ka enplike renonsyasyon a dwa enpòtan oswa mennen nan depòtasyon san odyans. Jan nou te fè remake sa pi wo a, moun yo arete yo gen dwa pou l pa pale epi refize siyen dokiman yo pa konprann. Nan pifò ka yo, ICE pral fè sòti yon Avi pou Konparèt (Notice to Appear, NTA) devan yon tribinal imigrasyon, ki kapab gen ladan vyolasyon imigrasyon sipoze a, dat premye odyans nan tribinal yo an, epi kòmanse pwosedi ekspilsyon an fòmèlman.

<sup>1</sup> Lwa Eta a entèdi tou atak oswa bastonnad sou yon ajan lapolis (G.L. 265, § 13D, par. 1) ak rezistan nan moman

arestasyon (G.L. c. 268, § 32B); antre nan zafè yon ajan lapolis nan kad yon krim dwa komen nan Massachusetts.

Yon fwa yo fin arete yon moun, yo kapab fèmen moun nan nenpòt kote Ozetazini. Menm lè yo kapab okòmansman fèmen moun nan yon kote ki pre kote yo te arete li a , yo kapab transfere 1 rapid vit nan yon lòt etablisman ki nan yon lòt eta. Manm fanmi an ak defansè yo kapab itilize Sistèm Lokalizasyon Anlyi Detni ICE la pou yo eseye konnen kibò moun yo te arete a fèmen. (Remake ke sa ka pran plizyè èdtan avan ICE antre enfòmasyon moun nan nan sistèm nan.) ICE gen enfòmasyon (tankou lokalizasyon ak enfòmasyon kontak) pou etablisman detansyon yo itilize sou sit entènèt yo an.

Si yo kenbe yon moun, moun nan kapab – depann de sati imigrasyon li ak istwa kriminèl li – mande yon odyans pou yon kosyon devan yon jij imigrasyon. Nan odyans sa a, jij imigrasyon an pral deside si yo kapab lage moun nan pandan pwozedi a ap kontinye sou dosye imigrasyon li an. Se yon pwozesis ki depann de volonte jij la, e moun nan dwe rive demontre jij la nan yon fason satisfezan ke pa gen risk pou li sove e ke li pa yon danje pou kominote a. Depandan de sikontans pèsonèl li, moun nan kapab tou chache yon egzanpsyoun sou ekspilsyon an, tankou nan azil, pawòl oswa yon anilasyon ekspilsyon an.

Menm lè yon avoka kapab reprezante moun ICE fèmen yo, jeneralman yo pa gen devwa pou yo ba moun nan yon avoka. Se sèlman avoka ki gen yon lisans oswa reprezantan akredite ke Depatmans Jistik Ameriken (Department of Justice, DOJ) otorize ki kapab reprezante yon moun legalman nan tribinlal imigrasyon. Malerezman, anpil moun viktim anba chalatan ki pretann yo anmezi pou ede – ke yo rele jeneralman “notarios (notè)” oswa “konsiltan imigrasyon.” Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou evite epi rapòte enpostè notario yo sou sit entènèt Biwo Pwokirè Jeneral la.

#### **Avètisman: Fè Antansyon ak Chalatan Imigrasyon yo**

Se sèl avoka ki lisansye ak reprezantan ke Depatman Jistik la akredite ki kapab founi sèvis legal imigrasyon. Anpil imigran viktim zak fwod anba men “notarios” oswa fo konsiltan. Verifye idantifikasiyon yo bò kote bawo eta a owa Lis Biwo Egzekitif pou Revizyon Imigrasyon nan Deptman Jistik la (DOJ Executive Office of Immigration Review, EOIR) la. Yon direktiv detaye sou fason pou evite charlatan k ap bay fo sèvis imigrasyon disponib sou sit entènèt Biwo Pwokirè Jeneral la.

Pou konteste legalite yon detansyon ICE fè andeyò pwosedi ekspilsyon an, moun yo kenbe an ap gen pou li pote jeneralman yon demann habeas corpus nan distrik jidisyè federal kote yo fèmen yo an. Nan anpil ka, demann yo dwe ranpli byen vit pou yo ka tande kontestasyon an avan yo transfere moun nan nan yon lòt etablisman ak distri jidisyè.

#### **8. Ki limit ki genyen sou koperasyon lapolis lokal avèk ICE?**

Gouvènman federal la pa kapab kontrenn fòs lòd lokal yo pou yo fè entèvansyon imigrasyon sivil federal. Tout koperasyon volontè fòs lòd lokal yo avèk ICE dwe respekte limitasyon legal lokal yo ak nan nivo eta a, ki gen ladan yo:

- Lunn v. Commonwealth, 477 Mass. 517 (2017): Lakou Siprèm Jidisyè te deside ke ajan fòs lòd lokal yo oswa nan nivo eta a pa gen otorite legal pou arete, kenbe, oswa fèmen yon moun sèlman sou baz yon manda federal arestasyon pou zafè imigrasyon. Yon manda arestasyon sivil se yon demann ke ICE fè pou kenbe yon moun nan detansyon jiskaske ajan ICE yo kapab arete li. Menm jan avèk yon manda administratif, se ICE ki fè sòti

manda arestasyon civil la – se pa yo jij. *Lunn* pa anpeche fòs lòd lokal oswa nan nivo eta a pou yo aji dapre lwa eta a pou pwoteje sekirite piblik la; li senpleman di aklè ke manda federal arestasyon civil yo pa yon baz pou detansyon.

- Konstitisyon Massachusetts la: Garanti menm pwoteksyon lalwa pou tout moun, kèlkeswa nasyonalite, sitwayènte, oswa estati imigrasyon yo.
- Lwa sou Dwa Sivil Massachusetts la (Massachusetts Civil Rights Act, MCRA): Garanti pou chak moun “dwa a yon lapolis pwofesyonèl ki san fòs kote,” sa ki vle di ke entèvansyon fòs lòd yo “pap konsidere ras, etnisite, ... [oswa] estati imigrasyon yon moun” nan desizyon lapolis yo. MCRA a entèdi tou pou anpyete sou dwa yon lòt moun atravè menas, entimidasyon, oswa fòs.
- Lwa Anti-Pwofilaj: Lwa eta yo entèdi entèvansyon fòs lòd yo sou baz ras, koulè, etnisite, orijin nasyonal, estati imigrasyon oswa sitwayènte reyèl oswa sipoze. *Gade nan. See G.L. c. 90, § 63(h).*
- Òdonans ak Rezolisyon Minisipal Lokal: Anpil Vil ak Komin nan Massachussetts – ikonpri Boston, Amherst, Cambridge, Chelsea, Concord, Newton, Northampton, and Somerville— gen lswa lokal ki limite enplikasyon depatman lapolis yo nan entèvansyon federal civil sou zafè imigrasyon. Òdonans sa yo souvan pèmèt koperasyon ak otorite federal yo sou dosye kriminèl ak lòt pwoblèm sekirite piblik, men yo pa pèmèt patisipasyon nan entèvansyon civil woutin nan kesyon imigrasyon.
- Politik Depatman Lapolis yo: Anpil ajans fòs lòd yo adopte règ, règleman ak politik nan nivo depatman yo ki limite enplikasyon nan entèvansyon ki gen pou wè ak imigrasyon. Politik sa yo vize asire ke tout abitan yo, kèlkeswa estati imigrasyon yo, santi yo ansekirite pou yo rapòte kriminèl epi kopere avèk lapolis.

## **9. Èske temwen yo ka met tèt yo nan pwoblèm paske yo gade oswa anrejistre?**

Non, jeneralman temwen yo pa kapab gen pwoblèm jis paske yo gade oswa anrejistre ajan ICE yo – tanke yo pa antre nan aksyon ICE yo.

### ***Temwen yo Gen Dwa Anrejistre***

Jan nou te di pi wo a, temwen yo gen dwa pou yo gade epi filme ajan ICE yo nan yon distans rezonab nan espas piblik yo. *Gade nan Glik v. Cunniffe*, 655 F.3d 78 (premye sikui 2011). Premye Amandman an pwoteje dwa sa a ki pa vyole Lwa sou Siveyans Telefonik Massachusetts la. *Gade nan Project Veritas Action Fund v. Rollins*, 982 F.3d 813 (premye sikui 2020) (anrejistreman sekrè pa vyole Premye Amandman an); *Curtatone v. Barstool Sports, Inc.*, 487 Mass. 655 (2021) (anrejistre aklè pa vyole Lwa sou Siveyans Telefonik Massachusetts la).

Si nenpòt ajan fòs lòd sezi telefòn temwen an, yo bezwen yon manda lajistik pou yo ka aksede a aparèy la oswa a anrejistreman an.

### ***Men Pa Pou Antre nan Bagay la***

Menm lè yo pèmèt yo gade oswa anrejistre, temwen yo gen obligasyon pou yo rete a yon distans sekirite yon fason pou yo pa antre nan operasyon ICE la. Antre nan operasyon an kapab gen aksyon sa yo ladan, sa ki kapab lakòz chaj kriminèl tonbe sou yo:

- Pouse oswa manyen fizikman yon ajan;

- Bloke ajan yo; oswa
- Kache moun ICE ap eseye arete a.

**Ofinal:** Temwen yo kapab gade. Temwen yo kapab anrejistre. Men legalman, temwen yo pa kapab fè obstriksyon, jennen, oswa atake yon ajan ICE.

### **RESOUS AK ÈD LEGAL**

Gen yon pakèt resous pou moun k ap chache yon avoka pou reprezante yo menm oswa yon pwòch yo nan pwosedi imigrasyon:

- [Anyè anliy](#) Asosyasyon Ameriken Avoka Imigrasyon an
- [Sit entènèt “Jwenn yon Avoka”](#) Pwojè Nasional Imigrasyon Asosyasyon Nasional Avoka yo;
- Lis Depatman Jistik la sou [founisè sèvis jiridik pro bono yo pa eta](#); ak
- [Anyè èd jiridik òganizasyon san ojektif likratif](#) Immigration Law Help (Èd sou Lwa Imigrasyon) pa zipkòd ak etablisman detansyon.

Ou kapab jwenn yon moun ke [ICE fèmen atravè](#) ICE la.

Tout plent bay AGO yo kapab fèt bay [Divizyon Dwa Sivil](#) li an lè w vizite [www.mass.gov/how-to/file-a-civil-rights-complaint](http://www.mass.gov/how-to/file-a-civil-rights-complaint), lè w voye yon imèl nan [civilrights@mass.gov](mailto:civilrights@mass.gov), oswa lè w rele nan (617) 963-2917.

AGO kenbe yon sit entènèt ki gen [resous anplis](#) pou divès pati k ap entèvni bò kote imigran yo ak enstitisyon k ap ba yo sèvis. Yo gen ladan yo direktiv pou [founisè sèvis](#), [founisè swen sante](#), [Lekòl klasik](#), [etablisman edikasyon siperyè](#), elatriye.